PUPUH XV: ASMARADANA (8i, 8a, 8e/o, 8a, 7a, 8u, 8a)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	Mapan lajěng dendhawuhi Den Rangga Prawiradirja kalamun ingundang mangko mring Jendral dhatěng Sěmarang měngkana ing (h. 133) tyasira ingkang gumantung ing kalbu Jěng Ratu Madurětna	lalu diperintah. Raden Rangga Prawiradirja jika nanti diundang oleh Jenderal (Daendels) menuju Semarang. Demikian dalam hatinya. (Seseorang) yang menggelayut dalam hati (yaitu) Kangjeng Ratu Maduretna.
2.	Měngkana esthining galih Den Rangga Prawiradirja yen ingsun nuruta bae lumaku marang Sěmarang iya lamun palastra kalamun tan mati ingsun dadya anděngdawa brangta	Demikian kehendak hati(nya), "Raden Rangga Prawiradirja, jika aku menuruti saja berjalan menuju Semarang, iya kalau meninggal. Jika tidak meninggal, aku (akan) menjadi semakin susah.
3.	Baya ngur muliha mami aluru dědalan apa saprandene awakingong neng dunya wus nora bisa iki dalan utama sun anusul Kangjěng Ratu měngkana ing dalu nulya	Lebih (baik) aku kembali mencari jalan, walaupun aku di dunia sudah tidak kuasa. Ini (adalah) jalan utama, kususul Kangjeng Ratu." Demikian di waktu malam segera
4.	Kang wadya wus dendhawuhi mantuk mring Madiyun nulya budhal dalu dennya bolos kalawan sawadyanira Den Dipati Danurja wus ngaturi priksa iku dhumatěng Sri Naranata	bala tentara telah diperintah kembali ke Madiun. (Mereka) lalu berangkat, malam hari (ia) diam-diam pergi bersama bala tentaranya. Raden Adipati Danureja telah memberitahu kepada raja,
5.	Miwah dhumatěng ing loji mring Ministěr suw sung wikan nulya karya surat age	serta menuju ke loji, (memberitahu) Minister. Suw Sung memahami

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kinintu(n)kěn marang Jendral ingkang aneng Sěmarang Kangjěng Sultan kang winuwus sakělangkung dukanira	lalu segera membuat surat dikirimkan kepada Jenderal yang berada di Semarang. Kangjeng Sultan yang dikisahkan sangat marah.
6.	Ingkang tinuding nututi wědana jěro (h. 134) punika Raden Purwadipurane lan Pangran Dipakusuma punika ingkang jaba lan Raden Pringgalayeku nging ciněndhak carita	(Seseorang) yang dipilih (untuk) mengikuti yaitu *wedana jero* (bernama) Raden Purwadipura dan Pangeran Dipakusuma itu yang *jaba,* serta Raden Pringgalaya. Namun dipersingkat cerita (tersebut).
7.	Rahaden Rangga puniki pan sampun kěsambut yuda ingkang belane kancane Adipati Kěpadhangan Raden Sumaněgara ingkang layon sampun katur dhumatěng Sri Naranata	Raden Rangga ini sudah meninggal dalam peperangan. Temannya yang membelanya (yaitu) Adipati Kepadhangan (bernama) Raden Sumanegara. Jasad (Rangga Prawiradirja) telah diserahkan kepada sang raja.
8.	Kawarna Jendral Sěmawis mapan sampun putusan bantu mring Měntaram mangko měngkana pan sampun prapta nanging tan angsal karya Raden Rangga wus kapupu nulya Pangran Natakusuma	Dikisahkan Jenderal Semarang telah memastikan (untuk) membantu Mataram hari ini. Demikian telah tiba, namun tidak kesampaian, (sebab) Raden Rangga telah kalah (dalam perang). Lalu Pangeran Natakusuma
9.	Ingkang tiněrka ngajani tinědha sampun biněkta dhumatěng Bětawi mangko saicale Raden Rangga něnggih nagri Ngayogya wus tan ana banthengipun Jendral dugekkěn tyasira	yang diduga membujuk, telah diminta dibawa menuju Betawi di hari ini. Sepeninggalnya Raden Rangga, negeri Yogyakarta telah tiada bantengnya. Jenderal (Semarang) menyampaikan (isi)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		hatinya,
10.	Anulya dhatěng Měntawis amběkta sawadya kuswa Jěng Sultan tan měthuk mangko langkung ayuda ing (h. 135) nala měngkana sampun prapta Jěndral ing Ngayogya iku lajěng mring loji kewala	lalu menuju Mataram membawa segenap bala tentara. Kangjeng Sultan tidak menyambut di waktu ini. Sangat bergejolak hatinya. Demikian telah sampai Jenderal (Semarang) di Yogyakarta, lalu (diantar) menuju loji saja.
11.	Sampun karsaning Yyang Widi Jěng Sultan ayuda karsanya kang putra sěntana kabeh atěnapi ingkang wadya mapan sampun suměkta lamun kinarsa apupuh ing tyas sampun kaduga	Sudah kehendak Tuhan, Kangjeng Sultan kehendaknya berperang. Semua putra sentana begitupula bala tentara telah bersiap jika dikehendaki berperang. Dalam hati sudah terkira,
12.	Nanging wus karsaning Widi tansah ayuda kewala měngkana ingkang winiraos[1] Jendral Dhandhlěs abicara lan Raden Adipatya Danurja ngaturan iku Kangjěng Sultan malěběta	namun telah (menjadi) kehendak Tuhan, selalu berperang saja. Demikian yang dimaksud. Jenderal Daendels berbicara dengan Raden Adipati Danureja untuk mempersilakan Kangjeng Sultan masuk
13.	Inggih dhumatěng ing ngloji kěpanggih alawan Jendral Jěng Sultan tan arsa mangko dadya langkung ayudannya Městěr Enggal lan Wabram měngkana wěkasanipun Jěng Sultan wakil kewala	menuju loji (untuk) bertemu dengan Jenderal Daendels. Kangjeng Sultan tidak mau di waktu ini. Semakin menjadi-(jadi) pertikaiannya. Tuan Enggal dan Wabram, demikian ini pesannya, “Kangjeng Sultan (mengutus) wakil saja.”
14.	Městěr kalih aturneki katiga Raden Adipatya	Kata kedua Tuan, bertiga dengan Raden Adipati.

[1] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kalamun wontěn kajěnge Jendral punapa wus lila Kangjěng Sultan ngandika iya mapan lila ingsun (h. 136) marang si thole Dipatya	“Jika ada kehendaknya apa Jenderal sudah rela?” Kangjeng Sultan berkata, “Iya, aku rela kepada anakku Adipati.”
15.	Měngkana Pangran Dipati wus ingiden kang rama kinen manggihi jendrale lan wus tělas wělingira nulya lengser sing ngarsa lawan mister kalihipun myang sagung putra sěntana	Demikian Pangeran Adipati telah diizinkan ayahandanya disuruh menemui Jendral Daendels, dan telah tuntas pesannya. (Pangeran Adipati) lalu mundur dari hadapannya, bersama kedua Tuan serta semua putera sentana,
16.	Těnapi kang pra dipati lawan prajurit sědaya sampun prapta ngloji mangko nulya panggih lawan Jendral Kangjěng Pangran Dipatya anulya inga(ng)kat sampun juměněng Sang Raja Putra	tetapi para adipati dan semua prajurit pada waktu ini telah sampai, lalu bertemu dengan Jenderal Daendels. Kangjeng Pangeran Adipati lalu telah diangkat bertakhta (menjadi) Sang Raja Putra
17.	Nalendra parentah iki mring sagunge wong Ngayogya dadya Kangjěng Sultan mangko mapan kenděl aměgawan nanging momong kewala dhumatěng kang putra iku wus rampung ingkang bicara	Nalendra (yang) memerintah kepada seluruh orang Yogyakarta menjadi Kangjeng Sultan kelak. (Sultan) istirahat (dan berlaku) pendeta, namun hanya mengasuh kepada puteranya. Telah tuntas perkataannya.
18.	Kangjěng Raja kondur aglis lajěng sowan mring kang rama wus katur saneskarane enjangira Jendral nulya dhumatěng ing Krěrajan	Kangjeng Raja segera kembali, lalu menghadap ayahnya. Telah dihaturkan segalanya. Paginya, Jederal Daendels menuju Keraton

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mapan lajěng pamit mantuk enjangira nulya budhal	lalu pamit pulang. Paginya, segera berangkat.
19.	Jendral Dhandhlěs mring Bětawi datan la- (h. 137) mi kintun bintang dhumatěng jěng rama mangko pan sinami agěngira lan bintange priyangga Jendral Dhandhlěs puniku nanging kantun mawi sela	Jenderal Daendels menuju Betawi. Tiada lama mengirimkan medali kepada ayahandanya pada waktu ini. Disamakan besarnya dengan medalinya pribadi Jenderal Daendels itu, namun (yang) diberikan (berbahan) batu.
20.	Pan mungěl pratandhaneki saking ing Raja Wělanda datan lami gantos mangke Jendral Dhandhlěs punika Jendral Jangsěng punika kawarnaa ing Měntarum laminya juměněng ika	(Telah) berbunyi pertandanya dari raja di Belanda. Tiada lama, kini (telah) berganti Jenderal Daendels (menjadi) Jenderal Johnson. Dikisahkan di Mataram selama bertakhta
21.	Kangjěng Raja Ngayogyadi Kangjěng Sultan kang winarna mapan kenging pabanguse marang ingkang gadhah karsa ingkang putra priyangga Pangran Mangkudiningratku lan Pangran Jayakusuma	(menjadi) Kangjeng Raja (di) Yogyakarta. Kangjeng Sultan yang dikisahkan terkena desakan oleh yang memiliki kepentingan (yaitu) putera pribadi (yaitu) Pangeran Mangkudingrat dan Pangeran Jayakusuma,
22.	Pangran Santawiryeki Jěng Sultan mindhak sěkawan putra kang diwasa mangko kěsěpuh Pangran Natabaya[2] anuli arinira Pangran Slarong puniku[3] nuli Pangran Santawijaya	(serta) Pangeran Santawirya. Kangjeng Sultan bertambah empat putera (yang) kini (telah) dewasa. Tertua (bernama) Pangeran Natabaya, lalu adiknya Pangeran Slarong, lalu Pangeran Santawijaya,

[2] Lebih satu suku kata.
[3] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
23.	Pangran Jayakusumeki punika ingkang taruna dadya ewa ing manah- (h. 138) e Kangjěng Sultan mring kang putra Kangjěng Raja Nalendra pan kenging pangapusipun dhumatěng kang putra tiga	(dan) Pangeran Jayakusuma yang (paling) muda. Menjadi marah hatinya Kangjeng Sultan kepada puteranda Kangjeng Raja Nalendra (yang) terkena tipuan oleh tiga puteranya.
24.	Pangran Mangkudingrati[4] punika kang gadhah karsa nuhun mring kang rama mangko jumělěng Pangran Dipatya ingkang rayi kalihnya Pangran Jayakusumeku lan Pangran Santawijaya	Pangeran Mangkudiningrat yang memiliki kehendak meminta kepada ayahanda, (supaya) kelak menjabat (sebagai) Pangeran Adipati, (sementara) kedua adiknya – Pangeran Jayakusuma dan Pangeran Sutawijaya
25.	Punika ingkang jagani ing lěbět garwa kalihnya mapan ingkang mothahake Kangjěng Ratu Mas punika lawan Ratu Kěncana marma Kangjěng Sultan iku langkung eměng ingkang driya	yang menjaga (kewibawaannya). Kedua istri di dalam yang merajuk-rajuk (yaitu) Kangjeng Ratu Mas dan Kangjeng Ratu Kencana. Maka dari itu Kangjeng Sultan sangat sedih hatinya.
26.	Ěněngěna Ngayogyeki kang lagya samya keměngan ing Bětawi winiraos Jendral Jangsěng pan tamuhan[5] aněnggih kang prangmuka Jendral Inggris wěstanipun Raplěsěpe ingkang bala	Didiamkan (kisah di) Yogyakarta ini. (Mereka) semua yang sedang bersedih. Diceritakan di Betawi. Jenderal Johnson menghadapi Musuh yakni Jenderal Inggris yang bernama Raffles yang (membawa) pasukan.
27.	Jendral Jansěng atur tulis	Jenderal Johnson menghaturkan surat

[4] Kurang satu suku kata.
[5] Sesuai konteks dibaca: *tampuhan*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	marang Kangjěng Raja Putra nalendra nuhun bantune mapan lajěng binantonan aněnggih kang lumampah (h. 139) mapan Rahaden Tuměnggung Danukusuma kalawan	kepada Kangjeng Raja Putra Nalendra (untuk) meminta bantuan. (Jenderal Johnson) lalu dibantu. (Seorang) yang menjalankan (tugas) yaitu Raden Tumenggung Danukusuma dan
28.	Den Měnggung Danuněgari Den Měnggung Wiryakusuma dene ingkang lěbět mangke Rahaden Riya Sindurja lan Raden Ranawijaya mapan gangsal kang tuměnggung sewu cacahe kang bala	Raden Tumenggung Danunegari, Raden Tumenggung Wiryakusuma. Adapun kini yang (berada di) dalam (yaitu) Raden Riya Sindurja dan Raden Ranawijaya. Lima (orang) yang (berpangkat) Tumenggung (beserta) tentara seribu jumlahnya.
29.	Mapan dereng ngantos prapti Bětawi pan sampun bědhah lajěng baris srandhole sagung kang wadya Ngayogya neng Gembol Surakarta pan lěstari kawonipun Wělandi Jendral binucal	(Pada waktu mereka) belum tiba, Betawi sudah takluk. (Mereka) lalu baris *srandhole* seluruh bala tentara Yogyakarta di Gembol Surakarta (dan) selamat. Kalahnya Belanda, Jenderal (yang) dibuang
30.	Jansěng ingkang angrěnggani Bětawi Jendral Botěmas Raplěs ingkang jujuluke měngkana ingkang winarna něnggih nagri Ngayogya Kangjěng Sultan gěng tyasipun dene Wělanda wus sirna	(yakni) Johnson. (Jendral) yang (kini) memimpin Betawi (adalah) Jenderal Botermas, (ia) yang bernama Raffles. Demikian yang dikisahkan yaitu di negeri Yogyakarta. Kangjeng Sultan besar hatinya sebab Belanda telah kalah,
31.	Mapan sampun salin Inggris pan sěmana Kangjěng Sultan lajěng arsa dhatěngake ingkang dadya dělěng ing tyas měngkana sampun rěmbag	(dan) telah berganti (kekuasaan) Inggris. Demikian Kangjeng Sultan lalu segera mendatangkan yang menjadi penglihatan batin. Demikian telah didiskusikan

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kĕlawan putra ka- (h. 140) tĕlu sĕkawan kang mantu Nata	dengan ketiga putera empat mantu raja,
32.	Lawan ingkang ipe kalih mapan punika sadaya kang samya panas manahe dhumatĕng Raden Dipatya kang mantu namanira Den Sumadiningrat iku ipe ran Prawiranata	dan kedua ipar (raja). Mereka semua yang panas hatinya kepada Raden Adipati. (Mereka adalah) mantu namanya Raden Sumadiningrat, ipar bernama Prawiranata,
33.	Prawiradiwirya iki sĕmana Raden Dipatya mapan tinimbalan mĕngko sĕngadinira pinirsa Inggris ing kabarira pan sampun prapta Kĕdhatun cinĕpĕng Raden Dipatya	(dan) Prawiradiwirya. Demikian Raden Adipati pada waktu ini dipanggil dengan dalih diberitahu kabarnya Inggris. Sudah tiba di Kedhaton, Raden Adipati disekap,
34.	Mapan lajĕng densedani atĕnapi lan kang rama Raden Danukusumane mĕngkana ingkang winarna Kangjĕng Raja Nalendra mapan sampun tanpa bayu dadya anglĕs ingkang driya	lalu dibunuh, dan juga ayahandanya (yaitu) Raden Danukusuma. Demikian yang dikisahkan Kangjeng Raja Nalendra sudah tidak berdaya, hatinya menjadi sedih.
35.	Sagunging lawing[6] kinunci wadya Krajan sĕdayanya baris banjar andhap mangko lajĕng kinen nimbalana dhumatĕng ingkang putra Pangran Dipanĕgareku dhumatĕng ing Tĕgal Arja	Semua pintu dikunci. Semua bala tentara Kraton kini berbaris berderet di bawah, lalu disuruh memanggil puteranda Pangeran Dipanegara menuju Tegal Arja.

[6] Sesuai konteks dibaca *lawang*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
36.	Kawarna Tĕgal Arjeki Pangeran Dipanĕgara mapan tan amirsa wartos kalamun nagri Ngayogya nĕnggih wetan punika jinawil kang paman iku nĕnggih Pangran Natabaya	Dikisahkan (di) Tegal Arja. Pangeran Dipanegara tidak mengetahui kabar negeri Yogyakarta yaitu yang di timur. Pamandanya dijawil yaitu Pangeran Natabaya. (Ia kemudian memberitahu).
37.	Kĕlangkung kaget kang galih lan watos dhatĕng kang rama Kangjĕng Pangran nulya kinon angambili ingkang turangga sampun mapan anulya tinitihan nandĕr iku datan mawi bĕkta bala	Sangat kaget hatinya, dan khawatir dengan ayahnya. Kangjeng Pangeran (Dipanegara) lalu disuruh mengambil kuda (tunggangannya). Setelah diambil, segera cepat dikendarai tanpa dengan membawa teman,
38.	Nanging lan game[7] satunggil neng marga kapĕthuk nulya lawan kang utusan mangko ingkang rama Kangjĕng Raja tan pantara wus prapta ing banjar andhap puniku Pangeran Dipanĕgara	tetapi dengan satu abdi *gamel.* Segera bertemu di jalan dengan seorang utusan ayahandanya (yakni) Kangjeng Raja Nalendra. Tidak lama telah sampai di Banjar Andhap. Pangeran Dipanegara
39.	Kĕpanggih sadaya sami ingkang wadya Kangjĕng Raja Pangran Dipanĕgarane nimbali Den Jasantika punika ingkang patya Kangjĕng Raja kang pinuju mapan wus salin ping tiga	(telah) bertemu semua yaitu tentara Kangjeng Raja. Pangeran Dipanegara memanggil Raden Jayasentika (dan berkata), "Ini Patih Kangjeng Raja (Yogyakarta) sudah berganti (patih) tiga kali.
40.	Dene patih kang rumiyin	Adapun patih yang semula

[7] Sesuai konteks dibaca: *gamel*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Ki Tumĕnggung Wiraguna nulya (h. 142) tilar sĕpuh mangke nulya Mas Tumĕnggung ika nĕnggih ing Sokawatya Kĕrtadirja tilar sĕpuh nulya Mas Tumĕnggung Japan	Ki Tumenggung Wiraguna kini sudah meninggal (karena sudah) tua. Lalu Mas Tumenggung di Sokawati (bernama) Kertadirja meninggal tua. Lalu Mas Tumenggung (dari) Japan.
41.	Nging Mas Cakradipureki tilar sakit marganira kantun satunggal mangko nĕnggih Raden Jasĕntika kaduk purun kewala sing Mandura wijenipun ingkang sĕntana priyangga	Tetapi Mas Cakradipura meninggal dikarenakan sakit. Kini tinggal satu yaitu Raden Jayasentika yang terlalu menuruti saja. Dari Madura asalnya sentana pribadi.”
42.	Marma lajĕng madĕg baris saking prayitneng ing baya pan lajĕng dinukan mangke mring Pangran Dipanagara pan kinen bubarĕna nging kantuna ingkang sĕpuh lurah mantri lan wĕdana	Maka dari itu lalu berbaris, saking waspadanya dari bahaya. Kemudian kini dimarahi oleh Pangeran Dipanegara, (mereka) disuruh membubarkan, tetapi (tetap) tinggallah yang sesepuh, lurah, mantri, dan wedana.
43.	Jĕng Pangeran nulya manjing mring panĕpen ika[8] kang kori kinunci mangke anĕnggih ingkang tĕngga[9] Ki Rahmanodin lawan Ki Mohamat Hu- (h. 143) sen iku sami lan sakancanira	Pangeran Dipanegara lalu masuk menuju tempat berdoa, (dan) pintunya dikunci. (Adapun) kini yang menunggu yaitu Ki Rahmanodin dan Ki Muhammad Husein itu bersama dengan teman-temannya
44.	Kaum lan suranateki inggih lajĕng dinukan[10]	yakni kaum dan abdi *suranata.* (Mereka) lalu dimarahi,

[8] Kurang dua suku kata.
[9] Kurang satu suku kata.
[10] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kori kinen ngĕngakake mĕngkana ingkang winarna Kangjĕng Raja Nalendra yun-yunĕn ing praptanipun wau dhumatĕng kang putra	(dan) disuruh membuka pintu. Demikian yang dikisahkan Kangjeng Raja Nalendra sangat mengharapkan kedatangan puteranya tadi
45.	Pan kinen mariksa nuli wau dhatĕng Banjar Andhap kĕparak ingutus mangke Rahaden Wiryapuspita mangsuli aturira mapan sampun rawuh dangu lajĕng duka mring Ki Lurah	untuk disuruh segera memeriksa menuju Banjar Andhap. Para Abdi *keparak* yang diutus. adalah Raden Wiryapuspita untuk menjawab perkataannya, sudah lama tiba lalu marah kepada Ki Lurah.
46.	Sarĕng sampun andukani lajĕng lumĕbĕt kewala Amongsĕmita pan age wangsul matur mring Jĕng Raja lajĕng kinen madosa mring ing panĕpen iku Jĕng Pangran nulya kĕpanggya	Setelah memarahi (Ki Lurah), (Wiryapuspita) lalu masuk saja. Amongsemita segera kembali (dan) melaporkan kepada Kangjeng Raja. (Ia) disuruh mencari (Pangeran Dipanegara) menuju tempat berdoa itu. Kangjeng Pangeran (Dipanegara) ditemui,
47.	Mapan lajĕng dentimbali wau dhumatĕng kang rama tan pantara prapta mangko Pangeran Dipanĕgara ngarsanya Kangjĕng Raja ingawe lajĕng rinangkul sarwi kumĕmbĕng kang wĕspa	lalu dipanggil oleh ayahandanya. Tidak lama kemudian telah tiba Pangeran Dipanegara di hadapan Kangjeng Raja. (Ia) melambaikan tangan (padanya), lalu dipeluk seraya berkaca-kaca.
48.	Mapan ta mankono maning Pangeran Dipanĕgara (h. 144) pan inggih medal wĕspane risampun tata kang driya Kangjĕng Raja ngandika ingsun kulup aweh wĕruh	Demikianlah pula Pangeran Dipanegara juga keluar air matanya. Setelah menata hati, Kangjeng Raja berkata, “Nak, aku memberitahu

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	pamanira Danurěja	(bahwa) pamanmu Danureja
49.	Ing měngko wus denpateni iya marang eyangira paran polahingsun mangko lamun ingsun ingandikan iya marang Kangjěng Rama apa ta ingsun lumaku paran mangke rěmbagira	waktu ini telah dibunuh oleh eyangmu. Apa (yang akan) kulakukan kini, jika aku berkata kepada ayahanda. Apalah (yang akan) aku lakukan? Bagaimana rundingannya nanti?”
50.	Pangran Dipaněgareki mapan aris aturira kělamun sědalu mangke prayogi mopo kewala Kangjěng Raja ngandika lamun měngkono karěpmu prajurit sira pěpakna	Pangeran Dipanegara halus katanya, “Jika nanti malam, lebih baik diabaikan saja.” Kangjeng Raja berkata, “Jika demikian, terserah engkau. (Para) prajurtit engkau siapkan.
51.	Měnawa eangireki[11] kěbacut supe dukanya iya marang ingsun mangko nora wurung bandayuda Pangeran Dipaněgara wotsěkar alon umatur marma andangu kawula	Jika eyangmu ini telanjur lupa, marahnya kepadaku nanti, tentu saja (terjadi) perkelahian.” Pangeran Dipanegara pelan berkata (seraya) menyembah, “Maka dari itu hamba bertanya
52.	Dadak mampir anyrěngěni dhatěng Paman Jasěntika pan sampun sědhiya mangko (h. 145) gung abdi dalěm sědaya lajěng amba kon bubarna nging kantun kang samya sěpuh lajěng mring paněpen amba	tiba-tiba mampir memarahi Paman Jayasentika. Kini telah bersiap seluruh abdi dalem sekalian. Hamba lalu menyuruh membubarkan, tetapi tinggal semua yang tua. Hamba lalu menuju tempat doa
53.	Pan inggih měkatěn sami	demikian sama pula.

[11] Sesuai konteks dibaca *eyangireki*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Kaki Rahmanodin lawan Ki Muhamad Usman mangko kaum lawan suranata kancanipun sĕdaya pan samya sumĕkteng pupuh kori sampun tinĕtĕgan	Eyang Rahmanodin dan Ki Muhammad Usman, abdi *kaum* dan *suranata* beserta semua kawanannya sudah bersiap perang. Pintu sudah dikunci,
54.	Lajĕng kawula srĕngĕni lan ingkang kori punika amba ken bucal tĕtĕge mindhak karya salah nyana Kangjĕng Raja duk mirsa ature kang putra iku dangu datan angandika	lalu hamba marahi, dan pintu itu hamba suruh membuang palang pintunya (karena) menambah kesalahpahaman." Kangjeng Raja ketika mengetahui perkataan puteranda ini (menjadi) lama tidak berkata-kata.
55.	Wĕkasan ngandika aris paran kulup karĕpira ingsun nora duga mangko sireki pan nanging juga sĕnadyan akulita tĕmbaga balung wĕsi iku otot kawat sungsum gĕgala	Pada akhirnya halus berkata, "Nak, apa (yang menjadi) kehendakmu, aku tidak menduga engkau ini. Tetapi juga walaupun berkulit tembaga, bertulang besi, berotot kawat, bersumsun timah,
56.	Mangsa ta kĕlar iki[12] mungsuh paman-pamanira mapan ta kaliwat akeh Pangeran Dipanĕga- (h. 146) ra pan aris aturira nĕdyan wĕwaha malih punika anging pangestu Paduka	niscayalah mampu melawan paman-pamanmu yang sangat banyak." Pangeran Dipanegara halus katanya, "Walaupun bertambah terus (musuhnya), tetapi berkat restu paduka,
57.	Yen Kangjĕng Eyang upami mĕksa dhatĕngkĕn wĕsesa dhumatĕng Paduka supe kapanggiha ing kawula	seupama Kangjeng eyang memaksakan kehendak, lupa dengan Paduka, bertemu denganku

[12] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	samya dentingala sampun wontěn tumut-tumut nulya Raden Jasantika	(lalu) semua tampak, jangan ada (yang) ikut campur.” Raden Jayasentika lalu
58.	Mapan sowan tur upěksi lamun Den Sumadiningrat lawan Bratakusumane ingutus dhatěng Sang Nata Kangjěng Raja Nalendra mapan angandika arum Dipaněgara yya lunga	menghadap memberitahu bahwa Raden Sumadiningrat dan Bratakusuma diutus sang raja. Kangjeng Raja Nalendra berkata halus, “Jangan pergi, Dipanegara.
59.	Alingana wuri mami sunundange uwakira nulya tinimbalan age ingirid Den Jasěntika sampun prapta ing ngarsa Kangjěng Raja ngandikarum dika kang ngutus punapa	Jagailah aku (dari) belakang. Kupanggil pamanmu.” (Pamannya) segera dipanggil, (dengan) diantar Raden Jayasentika. Sudah tiba di hadapan, Kangjeng Raja berkata halus, “Engkau yang mengutus siapa?”
60.	Raden Měnggung matur aris ngutus maringi uninga mring Jěng Rama Tuwan Katong lan Paduka ingandikan Kangjěng Raja ngandika gih Kakang andika (h. 147) matur kawula ing sapunika	Raden Tumenggung berkata halus, “(Hamba) diutus memberitahu kepada ayahanda Tuan Raja, dan Paduka diberi pesan.” Kangjeng Raja berkata, “Ya, Kakanda. Engkau berkata kepada(ku) sekarang.”
61.	Nuhun puntěn Jěng Ramaji mapan dereng sagěd sowan tan sěkeca awakingong pun kakang dika matura dhumatěng Kangjěng Rama nulya Den Tumĕnggung mundur kalawan Brangtakusuma	“(Sampaikan) permohonan maaf (kepada) ayahanda. (Bahwa saya) belum bisa menghadap (sebab sedang) tidak enak badanku. Sudah, kakanda (yang) berkatalah kepada ayahanda.” Raden Tumenggung mundur bersama Brangtakusuma.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
62.	Kangjěng Raja ngandika ris mring Pangran Dipaněgara paran yen ngandikan ingong maneh marang eyangira Pangeran Dipaněgara tur sěmbah anulya matur kawula mapan sumangga	Kangjeng Raja berkata halus kepada Pangeran Dipanegara, “Bagaimana jika aku berkata kepada eyangmu lagi?” Pangeran Dipanegara menyembah, lalu berkata, “Hamba persilakan.”
63.	Kangjěng Raja ngandika ris běcik ingsun yen ngandikan ewuh tan sebaa mangko kalawan ta adhenira apa durung ana prapta Pangeran matur wotsantun mapan sampun samya prapta	Kangjeng Raja berkata halus, “(Lebih) baik jika aku berkata. Tidak enak (jika) kini tidak menghadap dengan adikmu. Apa(kah) belum tiba?” Pangeran (Dipanegara) berkata (seraya) menyembah, “Semua telah tiba.
64.	Pan amba ken wangsul sami pun adhi Hadiněgara mapan amba těmpahake ngulatna dhatěng pun uwa pun adhi Suryabrangta ngulatkěn paman puniku Jayakusuma kang dadya	Hamba suruh pulang semua, adinda Hadinegara saya gantikan tugasnya (dan kusuruh) melihat pamanda. Adinda Suryabrangta mengawasi pamanda Jayakusuma yang menjadi
65.	(h. 148) Kěkalih raosing galih měngkana mapan antara wontěn kawan dina mangke Kangjěng Raja ingandikan dhumatěng Kangjěng Sultan Nyai Riya kang ingutus nulya Kangjěng Raja sowan	perasaan hati keduanya.” Demikian tidak lama, ada empat hari kemudian, Kangjeng Raja berkata kepada Kangjeng Sultan. Nyai Riya yang melaporkan, lalu Kangjeng Raja menghadap.
66.	Tan kantun kang putra iki kinen kenděl Kětanggělan Jěng Raja manjing Kědhaton	Tidak ketinggalan puteranya disuruh diam di Ketanggungan. Kangjeng Raja memasuki Kedhaton

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	wus cundhuk lawan Sang Nata Jĕng Raja ngaras pada pan samya kumĕmbĕngipun mĕngkana pan sampun lĕnggah	(dan) telah rujuk dengan sang raja. Kangjeng Raja menyembah kaki (Sultan). (Mereka) semua menangis. Demikian (mereka) telah duduk.
67.	Kangjĕng Sultan ngandika ris wau dhumatĕng Jĕng Raja yya sira liru mangrĕtos marmane iku sunbuwang benjang sapungkuringwang wus sun duga iku kulup makewuhi marang sira	Kangjeng Sultan berkata halus kepada Kangjeng Raja, “Engkau jangan salah paham, maka dari itu kubuang (karena) esok sepeninggalku sudah kuduga, Nak, (hal itu) membuatmu khawatir,
68.	Marmane ingsun pateni pan ingsun iki wus tuwa ing besuk sapa kang duwe tinggalane eyangira dadya samya pulihnya ingkang tyas kalihanipun nanging dereng karya pa- (h. 149) tya	maka (Patih Danureja) kubunuh. Aku ini sudah tua, siapa yang punya (di hari esok) (yaitu) peninggalan eyangmu.” (Mereka) menjadi pulih hati keduanya, tetapi belum mempunyai patih.
69.	Wus tan ana walang ati sabĕn dina ingandikan Kangjĕng Raja manjing Kĕdhaton Pangeran Dipanĕgara mapan sampun kalilan kundru[13] mring Tĕgal Arjeku mĕngkana pan nora lama	Sudah tiada rasa sungkan tiap hari diberitahu (bahwa) Kangjeng Raja masuk istana. Pangeran Dipanegara telah diizinkan kembali ke Tegal Arja. Demikian tiada lama,
70.	Kangjĕng Sultan kenging malih saking agĕnging panggodha eca mring kang putra mangko mĕngkana ingkang winarna Pangeran Suryabrangta sowan mring kang raka iku	Kangjeng Sultan terkena lagi (karena) saking besarnya godaan. Nyaman dengan puteranda kini. Demikian yang dikisahkan, Pangeran Suryabrangta menghadap kakandanya

[13] Sesuai konteks dibaca *kundur/kondur*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	dhumatěng ing Těgal Arja	menuju Tegal Arja
71.	Mapan atur kabar yěkti ingkang warta sampun těrang dadya kuměpyur galihe Pangeran Dipaněgara měngkana kang winarna ing dina Jumungah iku Kangjěng Sultan miyos salat	(untuk) menghaturkan kabar nyata. Berita sudah (disampaikan) jelas, menyebabkan kekhawatiran hatinya Pangeran Dipanegara. Demikian yang dikisahkan di hari Jumat Kangjeng Sultan keluar (untuk) bersalat.
72.	Kangjěng Raja dherek iki pěpak kang putra sěntana pan saběn Jumungah mangko Kangjěng Sultan miyos salat měngkana sampun lama Kangjěng Sultan ewahipun dhatěng Jěng Raja Nalendra	Kangjeng Raja mengiringi lengkap (bersama) putra sentana. Setiap jumat Kangjeng Sultan keluar (untuk) bersalat. Demikian telah lama Kangjeng Sultan perubahan (sikapnya) kepada Kangjeng Raja Nalendra.
73.	Sabakda Jumungah i- (h. 150) ki Kangjěng Raja mapan nulya nimbali kang putra mangko Pangeran Dipaněgara lawan kang rayi ika Pangran Paněngah iku kang samya tinantun karya	Sesudah (salat) Jumat, Kangjeng Raja lalu memanggil puteranya (yakni) Pangeran Dipanegara dengan adindanya (yaitu) Pangeran Panengah yang diberi tawaran pekerjaan.
74.	Kangjěng Raja ngandika ris paran adhi pikirira Kangjěng Rama owah tyase tan arsa ningali mringwang dene pěngrasaningwang barang kinarsakkěn iku sun adhi datan suwala	Kangjeng Raja berkata halus, “Bagaimana menurutmu, dinda? Ayahanda goyah hatinya tidak mau memperhatikanku. Adapun perasaanku setelah dikehendaki, aku tidak bisa mengalah.
75.	Kongsi cinacat wakmami ingsun adhi mring Wělanda	Pribadiku ini segera dicacat (sebab) aku (dianggap) adik oleh Belanda.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	saking dene wědiningong iya marang Kangjěng Rama Pangran Paněngah turira kados botěn marěm tuhu yen Paduka těksih nama	Saking takutnya aku kepada ayahanda." Pangeran Panengah berkata, "Seperti sangat tidak puas, jika paduka masih bergelar
76.	Něnggih Jěng Raja puniki lan malih kang prentahan[14] Jěng Raja ngandika alon apa adhi sun aturna Pangran Paněngah turira mapan langkung ewědipun yen Paduka angaturna	Kangjeng Raja dan pula yang dititahkan." Kangjeng Raja berkata pelan, "Apa? Beritahu padaku, dinda." Pangeran Panengah katanya, "Semakin sungkannya jika paduka (yang) mengatakan
77.	Inggih ing kalih prakawis botěn wande yen kapiran Paduka ing- (h. 151) nginakake inggih dhatěng pun Wělanda sawung mědhot pondhongan punika upamenipun inggih dinaměl punapa	(mengenai) dua hal, niscaya jika diabaikan. Paduka menghina kepada Belanda. (Bagaikan) ayam jago memutus pikulan umpamanya itu ya dibuat apa?"
78.	Jěng Raja ngandika aris paran adhi kang prayoga Pangran Paněngah ature ingkang kěpanggih kawula sanajan denpundhuta mapan lun kěkahi tuhu nadyan prapta ing ngayuda	Kangjeng Raja berkata halus, "Bagaimana sebaiknya, dinda?" Pangeran Panengah katanya, "Jika saya (yang) bertemu, walaupun diambilnya, sungguh kupertahankan. Walaupun tiba di peperangan,
79.	Mapan inggih lun lampahi rumiyin sampun lila[15] lawan ingkang ngangkat mangko inggih guprěmen Wělanda	tentu kujalani. Dahulu sudah rela dengan yang mengangkat yaitu gubernur Belanda.

[14] Kurang satu suku kata.
[15] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	yen Paduka ajriha pan Wĕlanda sampun tamtu ewa dhumatĕng Paduka	Jika Paduka takut, sudah tentu Belanda benci kepada Paduka.
80.	Kalamun lajĕng tinampik kados pundi tĕmahannya kapintĕn kalih-kalihe sĕnadyan banda ayuda lawan rama Paduka kang punika sababipun kados nuntĕn tinulungan	Jika kemudian disepelekan, bagaimana akhirnya? (Sudah) terhitung (kekuatan) keduanya, walaupun berperang dengan ayahanda Paduka. Itu sebabnya sepertinya akan ditolong
81.	Dhatĕng Guprĕmen puniki sabab punika kang karya Jĕng Raja emĕng ing tyase (h. 152) nulya nantun mring kang putra Pangeran Dipanĕgara[16] paran karĕpira kulup apa nunggal pamanira	oleh gubernur, karena itu yang menjadi penyebabnya.” Kangjeng Raja sedih hatinya lalu bertanya kepada puteranya, Pangeran Dipanegara. “Bagiamana menurutmu, Nak? Apa setuju (dengan) pamanmu?
82.	Yen upama durung nunggil lah mara sira matura Pangeran Dipanĕgarane[17] mapan aris aturira pisah nunggil tyas amba lan Paman Panĕngah tuhu sumangga Tuwan galiha	Jika seupama belum setuju, engkau berkatalah.” Pangeran Dipanegara halus katanya, “Pisah (atau) menyatu, (menurut) benakku dan paman Panengah silakan Tuan pikirkan (sendiri).
83.	Upami sami satunggil mapan awrat mring sudarma lamun Kangjĕng Eyang yĕktos pĕputra dhatĕng Paduka tan dalih mring kang liya mapan punika satuhu	Seupama saling menyatu, (tentu akan) berat kepada orang tua. Jika Kangjeng eyang sungguh berputra paduka, tidak berdalih kepada lainnya. (Paduka) itu sungguh

[16] Lebih satu suku kata.
[17] Lebih satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ingkang dados kancanira	menjadi kawannya.
84.	Kěncěng ing tyas amba yěkti aluhung ingaturěna sěnadyan silih pamine dhumatěng ing ngayuda lamun nunggil sudarma měngsah lan Wělanda tuhu mapan sae kang carita	Sungguh kuat hati hamba ini, lebih baik haturkan walaupun disambut upamanya di dalam peperangan. Jika bersatu (dengan) orang tua, sungguh berseteru dengan Belanda, (maka) cerita (menjadi) baik.
85.	Yen Paduka ngantos jurit inggih kalawan Jěng Eyang mapan amba tur sayěktos kěncěnge manah kawula mapan dherek Kangjěng (h. 153) Eyang milane wontěn pukulun pan inggih saking Paduka	Jika paduka sampai berperang dengan Kangjeng eyang, hamba sungguh-sungguh mengatakan (sesuai) kuatnya hati hamba, ikut Kangjeng eyang (saja). Adanya hamba ini iya (karena) dari Paduka.
86.	Pan inggih měkatěn malih Paduka wontěn punika sangking Kangjěng Yang wijine nanging kalamun Jěng Yang tan galih putra liyan nging punika mawenipun aluhung ingaturěna	Demikian pula Paduka ada itu (karena) dari benihnya Kangjeng eyang. Namun jika Kangjeng eyang tidak memikirkan putera lain, tetapi itu umpamanya. Lebih baik dihaturkan.
87.	Mapan benjing dhatěng pundi inggih bapa dhatěng anak anak mring mring putu tan wande kalamun lujěng punika pan amba mirsa warta mapan inggih trěrang sampun saking adhi Suryabrangta	Kelak tiba ke mana (arahnya). Ayah kepada anak, anak kepada cucu, niscaya jika selamat. Hamba mengetahui kabar (bahwa) sungguh telah jelas dari adinda Suryabrangta.
88.	Kangjěng Eyang sampun galih suwěnge Pangran Dipatya	Kangjeng eyang sudah menimbang kosongnya (kedudukan) Pangeran Adipati

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kang badhe kinarsakake gěntosi ...[18] Paduka lawan ingkang pasowan pan Mangkudiningrat tuhu sampun dados rěmbag samya	yang hendak dikehendaki menggantikan Paduka. (Demikian pula) yang (dibicarakan dalam) pertemuan tiada lain Mangkudiningrat telah menjadi bahan diskusi (bagi) semuanya,
89.	Nging kantun ngěntosi Inggris yen Paduka ngěkahana kados kalangkung ewěde pan Kangjěng Yang tan sikara dhatěng nama Paduka nanging karya jangkě- (h. 154) pipun inggih wicalan něgara	namun (kini) tinggal menanti Inggris. Jika Paduka bersikeras, sepertinya (akan) sangat sulitnya Kangjeng eyang tidak menjatuhkan nama kepada paduka, tetapi dijadikan pelengkap sebagai buangan negara.
90.	Ratu mapan putraneki něnggih Pangeran Dipatya měkatěn samya rěmbage Paduka wus nama raja mapan raja kewala dadya pěcah badhenipun inggih něgari Ngayogya	Raja (beserta) puteranya yaitu Pangeran Adipati demikian sama gelarnya. Paduka telah bernama raja. Raja saja kelak kemudian menjadi pecah negeri Yogyakarta.
91.	Lamun Paduka ngěkahi datan wande banda yuda langkung awon pocapane lamun tan kiněkahana mapan kělajěng benjang marma amba kamipurun aluhung ingaturěna	Jika paduka bersikeras pastinya terjadi peperangan. Sangat buruk pembicaraannya (kelak). Jika tidak dipertahankan, besok akan telanjur. Maka dari itu hamba dengan berani (menyatakan) lebih baik diberikan saja
92.	Mumpung dereng ngantos ugi kawěntar mring tiyang kathah lingsěm tan punapa mangke pan saking karsa Paduka priyangga kang ngaturna	mumpung belum sampai terdengar oleh banyak orang. Malu tidak jadi apa. Pada waktu ini atas kehendak Paduka sendiri yang memberitahu.

[18] Pada naskah juga tertulis tanda titik-titik tersebut.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mapan wontěn tandhanipun pějahe Paman Danurja	Ada tanda-tandanya (yaitu) kematian Patih Danureja.
93.	Wělandi botěn nulungi tur mindhak wěwah duraka lawan awon pocapane měkatěn kadya Paduka upami ngěkahana kalawan ngaturna tuhu mapan samya ewědi- (h. 155) ra	Belanda tidak menolong, dan lagi semakin bertindak penuh dosa, dan buruk perkataannya. Demikian (itu) bagaikan Paduka (yang) seupama mempertahankan serta sungguh-sungguh memberitahu, karena semua (merasakan) susahnya.
94.	Upami benjang němahi pinundhut salah sajuga tan wande aprang těmahe sěnadyan silih prěranga lamun kalih Wělanda Kangjěng Yang pěputra tuhu inggih dhumatěng Paduka	Umpama besok mengalami diambil salah satu, tentu saja (terjadi) perang pada akhirnya walaupun gantian berperang jika dengan Belanda. Kangjeng eyang sungguh (mengaku) berputra kepada Paduka,
95.	Kantěnan riněbat yěkti tur mindhak angsal utama lawan sae pocapane měngkana Kangjěng Raja Nalendra[19] karsa nurut putranipun anulya aris ngandika[20]	(dan) sungguh akan direbut, lagipula semakin mendapat hal utama, dan baik pembicaraannya.” Demikian Kangjeng Raja Nalendra hendak menuruti puteranya, lalu berkata halus,
96.	Paran adhimas sireki umatur Pangran Paněngah inggih lamun wěkasane nanging kula punika tan sagěd nglampahana kados Anakmas puniku pananging watos kawula	“Bagaimana (dengan) engkau, adinda?” Pangeran Panengah berkata, “Iya jika pada akhirnya (demikian), tetapi aku ini tidak bisa menjalankan seperti (perkataan) ananada (Dipanegara) itu. Tetapi itu kaena kekhawatiranku.”

[19] Lebih dua suku kata.
[20] Bait 95 kurang satu baris.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
97.	Wus padha mundura dhingin nging Dipanĕgara sira kariya ana panĕpen nulya mundur kalihira nĕnggih Pangran Panĕngah mapan sampun lajĕng kondur nging Pangran Dipanĕgara	(Kangjeng Raja), “Sudah, (kalian) kembalilah dahulu, namun engkau Dipanegara, tinggalah di tempat doa.” Keduanya lalu mundur. Pangeran Panengah kemudian telah kembali, namun Pangeran Dipanegara
98.	Mĕksih neng panĕpen iki mĕngkana ta Kangjĕng Ra- (h. 156) ja Nalendra mapan wus kinen nĕnggih akarya nuwala tan pantara wus dadya nulya utusan puniku animbali Nyai Riya	masih di tempat doa. Demikian Kangjeng Raja Nalendra telah disuruh membuat surat. Tidak lama sudah jadi, lalu (memanggil) utusan. (Kangjeng) Raja memanggil Nyai Riya
99.	Suwanda Sĕganda kalih tan pantara sampun prapta ngarsa ing Kangjĕng Raja ge nulya Jĕng Raja Nalendra maringakĕn nuwala Nyai Riya kang ingutus ngaturkĕn marang Sang Nata	Suwanda (dan) Seganda, keduanya tidak lama kemudian telah sampai di hadapan Kangjeng Raja (dengan) segera. Kangjeng Raja Nalendra lalu memberikan surat. Nyai Riya diutus menghaturkan (surat) kepada sang raja.
100.	Tan pantara nulya prapti Nyai Riya ngarsa Nata kang surat wus katur mangke dhumatĕng Sri Naranata mapan lajĕng binuka sampun sinukma ing kalbu langkung suka Sri Nalendra	Tidak lama telah sampai Nyai Riya di hadapan raja. Kini surat telah dihaturkan kepada sang raja. (Surat) lalu dibuka, telah diresapi dalam hati (isinya). Sang raja sangat senang.
101.	Enjang nulya dentimbali Jĕng Raja Putra Nalendra dhumatĕng kang rama mangko tan pantara nulya prapta	Pagi (harinya) lalu dipanggil Kangjeng Raja Putra Nalendra oleh ayahandanya. Tidak lama lalu sampai

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Jĕng Raja ngarsa Nata Kangjĕng Sultan nulya dangu mring Kangjĕng Raja Nalendra	Kangjeng Raja (di) hadapan raja. Kangjeng Sultan lalu bertanya kepada Kangjeng Raja Nalendra,
102.	Kĕrna sira atur tulis nyaosakĕn saneskara jaluk mulih (h. 157) lir maune Jĕng Raja Putra Nalendra pan aris aturira inggih saking lĕpat ulun rumiyin kenging rĕncana	"Karena engkau memberi surat (dan) menceritakan segalanya, yakni meminta kembali seperti sedia kala." Kangjeng Raja Putra Nalendra halus katanya, "Iya, (karena) dari kesalahanku yang dahulu terkena siasat.
103.	Sarĕng sampun lami-lami kados saru ingkang praja mĕngkana sakĕdhap supe Jĕng Sultan mring kang ubaya garwa kalih myang putra saking suka ing tyasipun rinangkul Raja Nalendra	Setelah semakin lama, seperti tabu (untuk) kerajaan." Demikian sejenak lupa Kangjeng Sultan terhadap janji kedua istri dan anak. (Kerana) saking bahagia hatinya, Raja Nalendra dipeluk (lalu berkata),
104.	Ya wus eling anak mami kalamun duwe wong tuwa Kangjĕng Sultan anulyage mapan kinen nimbalana Raden Tumĕnggung ika Sumadiningrat prapta wus lan Raden Prawiranata	"Sudah ingat anakku jika memiliki orang tua." Kangjeng Sultan lalu segera meminta (untuk) memanggil (beberapa orang). Raden Tumenggung Sumadaningrat telah sampai bersama Raden Prawiranata,
105.	Brangtakusuma lan carik mapan lajĕng karya surat mring loji paring wruh mangko yen Kangjĕng Raja Nalendra ngaturkĕn kang pangwasa tĕnapi lan naminipun saking karsanya priyangga	Brangtakusuma, dan *carik.* (Sultan) lalu membuat surat (yang dikirim) kini menuju loji (untuk) memberitahu bahwa Kangjeng Raja Nalendra menyerahkan kekuasaan begitu juga gelarnya dari kehendaknya pribadi.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
106.	Ingkang ingutus mring loji Ki Sindunagara[21] lan Raden Tuměnggung mangko Danuněgara punika pan dereng kar- (h. 158) ya patya marma kaliwon kang ngutus měngkana pan sampun prapta	(Seseorang) yang diutus menuju loji (adalah) Ki Sindunagara dan Raden Tumenggung Danunegara (yang) belum menjadi patih. Maka dari itu abdi *kaliwon* yang mengirim. Demikian sudah sampai
107.	Lan Ministěr Engglar panggih mapan lajěng winěrtanan ingkang sěrat ijohane lamun Jěng Raja Nalendra nyaosakěn kang nama lawan parentahanipun wit saking karsa priyangga	(dan) bertemu dengan Tuan Engglar, lalu diberitakan surat pemberitahuannya, bahwa Kangjeng Raja Nalendra menyerahkan gelar dan kekuasaannya sebab dari kehendak pribadi,
108.	Mapan wangsul nama lami Kangjěng Pangran Adipatya kalawan ing pasowane Mistěr langkung gěgětunnya tan sagěd mangsulana ingkang surat mapan sampun linajěngkěn marang Jendral	dan kembali (menggunakan) gelar lama (yaitu) Kangjeng Pangeran Adipati di saat dihadap. Tuan Engglar sangat kecewa, tidak kuasa menjawab. Surat telah diteruskan kepada Jenderal Belanda,
109.	Nanging sampun salin Enggris surat sinamur kewala datan winangsulan ma(ng)ko awětara pitung dina Jěng Sultan nulya karya pěpatih Kyai Tuměnggung Sindunagara punika	namun telah berganti (kekuasaan) Inggris. Surat dirahasiakan saja, tidak ditanggapi. Kurang lebih tujuh hari (kemudian), Kangjeng Sultan lalu mempekerjakan Patih (bernama) Kyai Tumenggung Sindunagara.
110.	Městěr mapan dentimbali mapan sakit sěngadinya nging wakil Litnan kemawon	Tuan Engglar dipanggil (namun) sakit dalihnya, tetapi diwakili letnan saja.

[21] Kurang dua suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	wus pěpak sagung kang seba nuju Isnen kang dina nulya miyos Sang Aprabu nging Litnan lan juru basa	Sudah lengkap semua yang hadir, tepat di hari Senin Sang Raja lalu keluar, namun letnan dan juru bahasa
111.	(h. 159) Ingkang dherek mring Sang Aji lěnggah neng Sitinggil ika Kangjěng Pangran Dipatine wangsul palěnggahan lama měngkana mapan nulya Kangjěng Sultan ngangkat sampun mring Kyai Sindunagara	yang mengikuti Sang Raja duduk di Siti Hinggil. Kangjeng Pangeran Adipati kembali (di) kedudukan semula. Demikian segera Kangjeng Sultan telah mengangkat Kyai Sindunagara
112.	Mapan kinarya pěpatih anama Kyai Danurja ngěstreni kabeh ika sagung kang putra sěntana lawan kang para punggawa nanging Litnan datan purun kalawan kang juru basa	dijadikan Patih bernama Kyai Danureja. Semua menyaksikan seluruh putera sentana, serta para punggawa, namun letnan tidak mau dengan juru bahasa.
113.	Ajrih pan datan winěling dhumatěng ing Ministěrnya pan měngkana sěngadine nanging Kangjěng Sultan ika pan lajěng karsanira měngkana pan sampun rampung Pěpatih Kyai Danurja	(Sebab) takut karena tidak diberi pesan oleh Tuannya, demikian dalihnya. Namun Kangjeng Sultan melanjutkan kehendaknya. Demikian telah selesai (pengangkatan) patih Kyai Danureja.
114.	Anulya luwar Sang Aji bubar sagung kang sewaka Ki Adipati anulyage luměbět mring loji ika lan sagung pra dipatya dene kang gěntosi iku anama Sindunagara	Sang Raja segera keluar. Seluruh (orang) yang menghadap telah bubar. Ki Adipati lalu segera memasuki loji dengan seluruh adipati (lainnya). Adapun yang mengganti (kedudukannya)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		bernama Sindunagara –
115.	Putranira Ki Dipati kawarna Pangran Dipatya kang putra kalilan mangko kondur marang Těgal Arja Pangran Dipaněgara datan lama (h. 160) praptanipun Ministěr Jan Krěpět punika	puteranya Ki Adipati. Dikisahkan Pangeran Adipati puteranya diizinkan pulang menuju Tegal Arja Pangeran Dipanegara. Tidak lama datangnya Minister John Crawfurd.
116.	Eglar sampun kesah nuli lawan kang bala Wělanda kantun kang měrdika mangko dadya salin ingkang jaga něnggih nagri Ngayogya Enggris lan Sěpei iku měngkana ingkang winarna	Eglar lalu telah pergi dengan bala tentara Belanda, (hanya) tinggal yang berdikari. (Kini) menjadi berganti yang berjaga negeri Yogyakarta (yakni) Inggris dan Sepoy. Demikian yang dikisahkan,
117.	Kangjěng Sultan mundhut iki mring kang rayi praptanira Pangran Natakusumane wau lawan ingkang putra Raden Tuměnggung Nata- diningrat wěwangenipun Městěr něnggih aturira	Kangjeng Sultan meminta kehadiran adiknya (yakni) Pangeran Natakusuma dengan puteranya (yaitu) Raden Tumenggung Nata diningrat namanya. Perkataan Minister
118.	Jan Kěrapět anyagahi mapan nulya kintun surat Ministěr Krěpět mangko[22] mring Jěndral Bětawi ika aněnggih namanira Raplěs Botěrmas puniku ingkang surat nulya prapta	John Crawfurd menyanggupi. Lalu mengirim surat Minister Crawfurd kepada Jenderal Betawi namanya Raffles Botermas. Surat kemudian (telah) tiba.
119.	Datan lama nulya prapti Pangeran Natakusuma	Tidak lama kemudian tiba Pangeran Natakusuma

[22] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mapan lawan putrane[23] Den Mĕnggung Natadiningrat lajĕng katur Sang Nata nulya tinimbalan sampun Pangeran Natakusuma	dengan puteranya Raden Tumenggung Natadiningrat lalu (mereka) dihadapkan kepada sang raja. Sudah dipanggil Pangeran Natakusuma,
120.	Mapan lajĕng angabĕkti dhumatĕng Sri Naranata la- (h. 161) wan ingkang putra mangke Tumĕnggung Natadinigrat mapan sasampunira dumugi karsa Sang Prabu kang rayi kinen kondura	lalu menghaturkan bakti kepada sang raja, dengan puteranda Raden Tumenggung Natadiningrat. Sesudahnya sampai kehendak sang raja, adiknya disuruh pulang
121.	Marang dalĕmira lami lan Raden Natadiningrat mĕngkana winarna mangko mapan saya kathah ika nĕnggih nagri Ngayoja ingkang dados ruwĕdipun sangsaya kathah kang warta	menuju kediamannya (yang) lama dengan Raden Natadiningrat. Demikian kini (yang) dikisahkan, semakin banyak negeri Yogyakarta yang menjadi keribetannya. Semakin banyak berita,
122.	Atĕnapi sanggarunggi lan jegal-jinegal samya dadya tan karuwan mangko ingkang amrih kalujĕngan mapan nagri Ngayogya sĕmana susah kĕlangkung sagung kang putra santana	begitu pula kecurigaan, dan semua saling menjegal. Kini menjadi tidak karuan (negara) yang mendambakan keselamatan. Negeri Yogyakarta demikian sangat susah. Seluruh putera sentana
123.	Miwah kang para dipati mapan samya tatĕpangan sasukane dhewe-dhewe mĕngkana Mancanĕgara ingkang gĕntosi ika	beserta para adipati semua (suka) bergaul sesukanya masing-masing. Demikian Mancanegara yang menggantikan

[23] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Raden Rangga sedanipun Pangeran Dipakusuma	Raden Rangga (Prawiradirja) sepeninggalnya. (Kedudukan) Pangeran Dipakusuma
124.	Mapan dados kalih iki wĕdana Mancanĕgara Dipati Baurĕnane Raden Prawirasĕntika mĕngkana kang winarna Kangjĕng (h. 162) Pangran Dipateku mapan langkung kawĕlas arsa	(dibagi) menjadi dua wedana Mancanegara Adipati Baurena (dan) Raden Prawirasentika. Demikian yang dikisahkan Kangjeng Pangeran Adipati sangat kasihan.
125.	Sapraptanira puniki Pangeran Natakusuma sagung kang sĕntana kabeh ajrih mring Pangeran ika nĕnggih Natakusuma lawan kang tinantun-tantun mring Kangjĕng Sultan punika	Setibanya Pangeran Natakusuma, segenap sentana semua takut kepada Pangeran Natakusuma, dan dipertanyakan oleh Kangjeng Sultan.
126.	Marma sĕntana samyajrih lawan malih sampun tĕpang lan Pangran Mangkudiningrate[24] lan Pangran Jayakusuma sagah kinarya marga lawan Inggris tĕpangipun Pangeran Natakusuma	Maka dari itu semua takut dan pula sudah bertemu dengan Pangeran Mangkudingrat serta Pangeran Jayakusuma. (Mereka) sanggup menjadi jalan (perantara) kenalnya dengan Inggris. Pangeran Natakusuma
127.	Lawan Kangjĕng Sultan iki sĕmana pan wus pracaya mring kang rayi jumĕnĕnge Pangeran Mangkudiningrat dadya tulus Sang Nata kenging ing rĕncana tuhu wus supe marang kang putra	dengan Kangjeng Sultan pada waktu itu telah percaya kepada adindanya (melalui) dinobatkannya Pangeran Mangkudiningrat. Sang Raja menjadi benar-benar nyata terkena siasat, (ia) telah lupa dengan puteranya –

[24] Lebih satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
128.	Kangjěng Pangran Adipati měngkana ingkang pirěmbag mapan lagya ngecakake linorod lawan binuwang wong Kadipaten samya mapan alit manahipun wontěn kang rayi kalihnya	Kangjeng Pangeran Adipati. Demikian yang didiskusikan, (mereka) sedang mempersiapkan (siasat) (akan) diturunkan dan dibuang (Pangeran Adipati). Semua orang Kadipaten kecil nyalinya. Ada dua adiknya
129.	Nama Pangran Mangkubumi lawan Pangran Paněngah[25] kang raka kělangkung sihe kang asring tinantu- (h. 163) n karya sampun balik kalihnya saking jrih kabar kěsuwur měngkana ingkang winarna	bernama Pangeran Mangkubumi dan Pangeran Panengah. Kakandanya sangat sayang, (seorang) yang sering ditawari pekerjaan. Keduanya telah kembali (karena) saking takutnya (dengan) kabar yang tersebar. Demikian yang dikisahkan,
130.	Pangran Dipaněgareki datan arsa mirsakěna mring sagunging wěrta kabeh tan pantara nulya kesah saking ing Těgal Arja ngiwa marang guwa iku ing Sěcang namaning guwa	Pangeran Dipanegara tidak mau mengetahui seluruh berita. Tidak lama lalu pergi dari Tegal Arja, ke tempat sepi menuju gua. Namanya Gua Secang.
131.	Kělangkung prihatineki watos dhumatěng kang rama pan měngkana pangesthine Pangeran Dipaněgara muga ta Kangjěng Rama pinaringana tyas emut tuwěkal marang rěncana	(Pangeran Dipanegara) sangat prihatin. (Ia) khawatir dengan ayahandanya. Demikian pengharapannya Pangeran Dipanegara, “Semoga ayahanda diberikan hati (yang) ingat, tawakal akan rencana.
132.	Lawan paran polah mami lamun tan tinulungana paran baya těmahane	serta apa tindakanku. Jika tidak akan ditolong. Bagaimanakah akibatnya

[25] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lamun prapta ing ngayuda mapan bangĕt sun wirang sĕpele ingkang rinĕbut anak mungsuh lawan bapa	jika sampai pada peperangan? Hamba sangat malu (sebab hal) sepele yang direbut (yaitu) anak musuh dan bapak.
133.	Dadya langkung tyasireki Pangeran Dipanĕgara nging kang rama onĕng tyase dadya datan medal-mĕdal aneng guwa kewala nĕnuwun marang Hyang Agung waluyane ing Ngayog- (h. 164) ya	Menjadi sangat (sedih) hati Pangeran Dipanegara. Tetapi ayahandanya pun trenyuh hatinya, (dan) menjadi tidak keluar-keluar, hanya ada di gua saja, memohon kepada Tuhan (demi) selamatnya Yogyakarta.
134.	Ĕnĕngna nĕnggih kang winarni mapan nĕgari Ngayogya kĕlangkung surĕm cahyane Kangjĕng Sultan kawarnaa arsa dugekkĕn karsa ingkang rayi sampun saguh Pangeran Natakusuma	Berhenti yang diceritakan. Adapun (kini) yang dikisahkan. tentang negeri Yogyakarta, sangat suram cahayanya. Dikisahkan Kangjeng Sultan hendak menyampaikan kehendak. Adindanya telah menyanggupi. Pangeran Natakusuma
135.	Mapan sampun angsal margi Jan Kurapĕt ing pudhakira[26] ĕncik Amat kĕkasihe punika ingkang ingĕbang ingkang kinarya marga sarta ingĕbang Pangran puniku[27] Natakusuma yen dadya	telah mendapat jalan. John Crawfurd dengan abdinya Encik Amat namanya itu yang menyuap yang dijadikan jalan dan menyuap Pangeran Natakusuma jika menjadi
136.	Nĕnggih Pangran Adipati Pangeran Mangkudiningrat mapan kathah pangĕbange dhumatĕng ĕncik Amad ika[28]	Pangeran Adipati. Pangeran Mangkudiningrat banyak suapannya kepada encik Amad.

[26] Lebih satu suku kata.
[27] Lebih dua suku kata.
[28] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	měngkanaa kang winarna Kangjěng Sultan lamun rěmbug lawan kang garwa kalihnya	Demikian yang dikisahkan, Kangjeng Sultan jika berunding bersama kedua istrinya
137.	Ingkang asring angagol-agoli[29] kang ibu Pangran Dipatya Ratu Kědhaton namane měngkana pan biněthekan aneng ing dalěmira datan kenging miyos iku kawarna Pangran Dipatya	yang sering menghalang-halangi (adalah) ibu Pangeran Adipati namanya Ratu Kedhaton. Demikian (Ratu Kedhaton) dikurung di kediamannya. (Ia) tidak boleh keluar. Pangeran Adipati dikisahkan
138.	Mapan sampun mirsa warti yen kang ibu kawělas arsa (h. 165) esmu bramatya manahe lajěng kinen nimbalana dhumatěng ingkang putra Pangran Dipaněgareku ing Těgal Arja tan ana	telah mendengar berita jika ibunya hendak memohon belas kasihan dengan penuh emosi hatinya, lalu disuruh memanggil puteranya Pangeran Dipanegara. (Ia) tidak ada di Tegal Arja,
139.	Lajěng kinen ngupadosi kěpanggih neng Guwa Sěcang lajěng lancaran lampahe tan kondur mring Těgal Arja mapan lajěng kewala saking kuwatosing kalbu Jěng Pangran dhatěng kang rama	lalu disuruh mencari (lagi). (Pangeran Dipanegara) ditemui di Gua Secang, lalu cepat perjalanannya, (namun) tidak kembali ke Tegal Arja. Hanya melewati saja (sebab) saking khawatir hatinya Kangjeng Pangeran terhadap ayahandanya.
140.	Tan antara sampun prapti ing Kadipaten sěmana mapan nuju bakda Ngisane Pangeran Dipaněgara mapan lajěng kwela malěbět paněpen iku salat sampunira bakda	Tak lama kemudian telah sampai di Kadipaten. Pada waktu itu bertepatan (waktu) setelah isya, Pangeran Dipanegara lalu hanya masuk tempat peribadatan (untuk) salat. Setelah ibadah

[29] Lebih dua suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
141.	Mapan lajĕng dentimbali Kangjĕng Pangran Adipatya pinarak neng Gĕdhong Pangkeng Pangeran Dipanĕgara pan sampun prapta ngarsa Kangjĕng Pangran sarĕng dulu wau dhumatĕng kang putra	lalu dipanggil Kangjeng Pangeran Adipati duduk (bersama) di Gedhong Pangkeng. Pangeran Dipanegara telah tiba di hadapannya. Kangjeng Pangeran Adipati setelah melihat puteranya,
142.	Kumĕmbĕng wĕspanya mijil Pangeran Dipanĕgara mapan ya mĕngkono maneh risampunira atata sakalihan kang dri- (h. 166) ya Kangjĕng Pangran Dipatyeku mapan aris angandika	(lalu) berkaca-kaca (dan) keluar airmatanya. Pangeran Dipanegara demikian juga. Setelah menata diri (dan) hati keduanya, Kangjeng Pangeran Adipati berkata halus,
143.	Paran ta kulup sireki eyangira kawĕlas arsa kang lawang pinĕpĕt mangko nora kĕna yen manjinga marang Kĕdhaton ika margane mĕngkono iku kulup iya eyangira	“Bagaimanakah engkau ini, Nak? Eyangmu hendak memohon belas kasih. Waktu ini pintu (Kedhaton) ditutup, (dan) tidak bisa jika akan masuk menuju Kedhaton. Sebab demikian itu, Nak, eyangmu ini.
144.	Pan gagawa ingsun yĕkti wus sun duga Kangjĕng Rama marang ingsun sida supe pratandha iku kewala iya marang eyangira paran ta kulup sireku ingkang dadi karĕpira	Itu sungguh telah melibatkan aku. Telah kuduga, ayahanda telah lupa kepadaku. (Dengan) pertanda itu saja terhadap eyangmu. Bagaimanakah engkau ini, Nak? (Apa) yang menjadi kehendakmu?
145.	Sarira ingsun pribadi apa dene eyangira mapaan wis warĕg rasane	Jasadku pribadi begitu pula eyangmu sudah kenyang rasanya,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kulup kamukten neng donya nadyan silih matiya apan wus sědhěng nakingsun nanging sira kaya ngapa	Nak, kekayaan di dunia walau silih berganti telah mencukupi, anakku. Tetapi engkau seperti apa
146.	Lan adhi-adhinireki paran baya polahira měngkana Pangran duk anon pangandikane kang rama mapan ing tyas měngkana marmaning (h. 167) ana wakingsun iya těka Kangjěng Rama	dengan adik-adikmu? Lalu seperti apa tindakannya?” Demikian Pangeran Dipanegara ketika menyaksikan perkataan ayahandanya, di dalam hati (berkata), “Sebab adanya diriku, iya datang dari ayahanda.
147.	Kangjěng Rama ana iki iya těka Kangjěng Eyang nanging Kangjěng Eyang mangko mapan děrbe putra liya lan wayah pasthi ika dadya ngaděg suranipun Pangeran Dipaněgara	Ayahanda ini ada iya datang dari eyang. Tetapi kini Kangjeng Eyang memiliki putera lain dan tentu cucu.” Menjadi tergugah keberanian Pangeran Dipanegara,
148.	Anulya matur wotsari wau dhumatěng kang rama yen měkatěna karsane Kangjěng Yang yěktos punika supe dhatěng Paduka nging amba nuwun pangestu sasagěd-sagěd kawula	lalu berkata dengan menyembah kepada ayahandanya, “Jika demikian kehendaknya, sungguh-sungguh Kangjeng Eyang itu lupa dengan Paduka. Namun hamba mohon restu, sebisa (mungkin) hamba
149.	Bilih měnawi marěngi wontěn pitulunging Sukma Kangjěng Pangran ngandikalon ya kulup sakarěpira sun amini kewala dene ingsun iki kulup mapan ya wus nora kěna	jika diizinkan ada pertolongan Tuhan.” Kangjeng Pangeran berkata halus, “Ya, Nak. Terserah. Kuamini saja. Adapun aku ini, Nak, sudah tidak dapat

No.	Alih Aksara	Terjemahan
150.	Yen meluwa bicareki wus mangsa bodhowa sira nadyan silih upamane tuměka lara palastra ingsun melu kewala lan tan děrbe anak ingsun saliyane nanging sira	jika ikut bicara (tentang hal) ini. Sudah, terserah engkau. Walau upamanya (engkau) berganti (yang) menuju sakit (dan) mati, aku ikut saja, dan (aku) tak memiliki anak selain engkau.
151.	Nanging adhinira siji si bagu- (h. 168) s mangsa bodhowa sun titip marang sira bae bapa ing sakarěpira ingsun pasrah kewala Pangran Dipaněgareku mapan aris aturira	Tetapi satu adikmu si Bagus masa bodohlah, kutitip kepadamu saja. Ayah (mengikuti) kehendakmu, aku pasrah saja." Pangeran Dipanegara halus katanya,
152.	Bilih marěngi Dewaji anuhun pamit kawula mantuk mring Těgal Arjane děrapon sampun kawěntar dhumatěng tiyang liyan lawan malih amba suwun pun Paman Jayasantika	"Jika diizinkan, Ayah, hamba mohon pamit kembali menuju Tegal Arja karena telah dikenal oleh orang lain, dan lagi hamba mohon (supaya) Paman Jayasantika
153.	Kenging kawula kanthi[30] nuya Raden Jayasantika tinimbalan prapta age mapan lajěng dhinawuhan wus těpang kalihira Kangjěng Pangran Dipatyeku wus pracaya mring kalihnya	dapat hamba ajak." Raden Jayasantika kemudian dipanggil. Segera tiba lalu diperintah (untuk ikut Pangeran Dipanegara). Keduanya sudah (saling) kenal. Kangjeng Pangeran Adipati telah percaya dengan (mereka) berdua.
154.	Pangran Dipaněgareki lan Raden Jayasantika	Pangeran Dipanegara dan Raden Jayasantika,

[30] Kurang satu suku kata.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kalilan kalih wus lengser saking ngarsane kang rama londur mring Tĕgal Arja dadya langkung rĕpitipun gung rĕmbag tan wontĕn nyana	keduanya telah diizinkan undur diri dari hadapan ayahandanya, kembali menuju Tegal Arja. Menjadi sangat rumitnya rundingan besar, dan tiada terkira.
155.	Kangjĕng Pangran Adipati tan owah pasowanira mĕngkana winarna mangko Den Mĕnggung Jayasantika pan kinen lumĕbĕta (h. 169) mring Pangran Dipanĕgareku mring loji pan sampun panggya	Kangjeng Pangeran Adipati tidak goyah kehadirannya. Demikian kini yang dikisahkan, Raden Tumenggung Jayasantika disuruh masuk oleh Pangeran Dipanegara menuju gedung. Telah bertemu
156.	Lawan Jan Kĕrapĕt iki dene kang kinarya marga mring Den Jayasĕntikane anĕnggih kapitan Cina pun Jingsing ingkang nama nulya mrĕtelakkĕn iku Rahaden Jayasĕntika	dengan John Crawfurd. Adapun yang dijadikan jalan untuk Raden Jayasentika yaitu Kapten Cina yang bernama Jingsing. Lalu menjelaskan Raden Jayasentika
157.	Ing sanes karannya sami punapa dene kang nama Kangjĕng Raja Nalendrane marma cinaoskĕn ika sabab kathah rubeda Jan Krĕrapĕt tĕrang sampun sagung kasturi Ngayoja	akan (hal) semuanya, begitu juga yang disebut Kangjeng Raja Nalendra ini maka diberikan, sebab banyak perselisihan. John Crawfurd telah jelas (tentang) segala yang harum (di) Yogyakarta.
158.	Pan samya suka rĕneki Jan Krĕrapĕt dennya sobat lan Den Jayasantikane nanging langkung rĕpitira yen wis prapta ing wisma lajĕng atur surat iku	(Mereka) semua bersuka cita, John Crawfurd olehnya bersahabat dengan Raden Jayasentika. Tetapi semakin rumit jika telah sampai di kediaman, lalu menghaturkan surat

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	dhumatěng ing Těgal Arja	menuju Tegal Arja.
159.	Mabarang bicara sami mapan ajrih ngrampungana Raden Jayasantikane sěngadi atur uninga měngkana ingkang winarna Jan Krěrapět mapan sampun tur surat dhatěng Jěng Sultan	Mereka berbincang (tetapi) takut bila diselesaikan. Raden Jayasentika sengaja memberitahu. Demikian yang dikisahkan John Crawfurd telah menghaturkan surat kepada Kangjeng Sultan.
160.	A- (h. 170) nyěrěg mabarang iki sagung ingkang karya susah Kangjěng Pangran Dipatine měngkana wangsulanira Kangjěng Sultan punika eh Yan Krěrapět sireku aja ta asalah karya	Mendesak kepastian ini seluruh yang membuat susah Kangjeng Pangeran Adipati. Demikian jawabannya Kangjeng Sultan ini, “Hei, John Crawfurd. Engkau itu janganlah salah dalam bertindak.
161.	Nadyan ingsun srěngěn iki marang si thole Dipatya mapan putraningsun dhewe lan Ratu Kědhaton ika garwaningsun priyangga měngkana wangsulanipun Městěr lir yuda kěnaka	Walaupun aku marah kepada anakku Pangeran Adipati, sungguh (ia) puteraku pribadi, dan Ratu Kedhaton ini istriku pribadi.” Demikian jawaban Tuan.